



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 3 desanm 2013

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$80 MILYON DOLA NAN SIBVANSYON POU SEKIRITE TERITWA ETA A

Sibvansyon yo ap sipòte pwogram preparasyon eta a, pwoteksyon enfrastrikti enpòtan ak ogmantasyon ekip rechèch ak sekou

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse \$80 milyon dola nan finansman sibvansyon pou ranfòse kapasite preparasyon ijans lokal nan minisipalite ki toupatou nan Eta a. Lajan sibvansyon melanje distribye nan Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (DHSES) Eta New York.

Gouvènè Cuomo di konsa, “New York te wè kèk katastwòf ki pi grav nan nasyon an nan dènye ane yo, epi \$80 milyon dola sa a prale lwen pou ranfòse rezo enfrastrikti lokal repons pou ijans yo nan eta nou an. Premye sekouris yo se souvan premye liy defans nan nenpòt gwo ensidan, epi sipòte mwayen kominikasyon yo se yon fason ki enpòtan pou leta ede pwoteje kominote nou an pandan yon kriz. Administrasyon nou an angaje pou bay pèsònèl ijans avèk èd yo bezwen pou sèvi kominote yo.”

Manm Komisyon DHSES, Jerome M. Hauer, di konsa, “Chak ane, avèk kalite dirijan Gouvènè Cuomo, DHSES distribye lajan sibvansyon enpòtan pou minisipalite lokal yo ak pou premye sekouris ki ede yo ranfòse preparasyon yo pou katastwòf ak kapasite repons yo. Apre yon pwosesis revizyon teknik ki mete ansanm espè federal, espè leta ak espè lokal, yo bay lajan sibvansyon an pou aplikan ki montre yo gen mwayen pou satisfè ki anplas epi y ap itilize lajan sibvansyon ki disponib pou bay sèvis pwoteksyon ki pi rantab ak pi efikas ba kominote yo.”

Seri finansman sibvansyon sa a gen ladan \$75 milyon dola nan DHSES Statewide Interoperable Communications Grant (SICG) chak ane, ki bay sipò enpòtan pou gouvènman lokal yo pou amelyore sistèm kominikasyon enpòtan pou ijans. Avèk sibvansyon sa a, gouvènman lokal yo ap amelyore mwayen premye sekouris yo pou yo kominike avèk efikasite avèk konte ki toupre yo nan yon katastwòf epi pou pran tout mezi ki nesèsè nan bay repons rapid pou nenpòt ijans, pou konsève yon nivo siperyè kominikasyon ant ajans yo epi pou bay sekirite piblik maksimòm. Sou twa seri SICG yo, ansanm avèk dènye seri sa a, 53 konte nan Eta a pral jwenn avantaj nan yon total \$197 milyon dola yo te bay. Yon repatisyon finansman SICG ane sa a pou \$75 milyon dola selon konte yo, endike anba la a:

Haitian Creole

- Allegany: \$5.951.039 dola
- Broome: \$6.000.000 dola
- Cattaraugus: \$6.000.000 dola
- Cayuga: \$5.251.690 dola
- Franklin: \$3.407.921 dola
- Fulton: \$2.327.780 dola
- Hamilton: \$2.530.385 dola
- Herkimer: \$899.462 dola
- Jefferson: \$6.000.000 dola
- Lewis: \$6.000.000 dola
- Livingston: \$5.994.854 dola
- Montgomery: \$1.685.554 dola
- Oswego: \$6.000.000 dola
- Saratoga: \$2.280.500 dola
- Seneca: \$6.000.000 dola
- St. Lawrence: \$2.679.690 dola
- Westchester: \$5.991.125 dola

Rès \$5 milyon dola a nan finansman sibvansyon an sòti nan Pwogram federal Sekirite Teritwa Eta a [State Homeland Security Program (SHSP)], ki afekte pou eta a, epi DHSES fè distribisyon an swa dapre yon fòm finansman federal ki anplas oswa nan yon pwosesis finansman konpetitif.

Sibvansyon sa yo gen sa ki endike anba la a:

Technical Rescue and Urban Search and Rescue (USAR) – sibvansyon konpetitif pou \$2 milyon dola

- Konte Cayuga: \$92.005 dola
- Vilaj Bath: \$125.472 dola
- Vil Cortland: \$149.791 dola
- Depatman Ponpye Troy: \$149.999 dola
- Distri Ponpye Arlington: \$141.395 dola
- Vil Glens Falls: \$138.081 dola
- Distri Ponpye East Greenbush 1: \$148.726 dola
- Konte Monroe: \$133.626 dola
- FRES Konte Suffolk: \$118.750 dola
- Vil Port Jervis; \$142.278 dola
- Konte Orange: \$148.960 dola
- Vil Poughkeepsie: \$85.045 dola
- Konte Seneca: \$96.165 dola
- Ofisyè Ensandi Konte Nassau: \$149.798 dola

- Konte Jefferson: \$81.781 dola
- Depatman Ponpye Buffalo: \$98.709 dola

Yon komite revizyon uit manm ki gen ladan reprezantan federal, reprezantan leta ak reprezantan lokal te revize aplikasyon sibvansyon yo pou lajan sa a epi yo te baze rekòmmandasyon final yo sou kritè sa yo: deskripsyon patenarya sekou teknik rejyonal, bidjè yo pwopoze ak amelyorasyon kapasite, koneksyon avèk oryantasyon enpòtan federal ak leta, plan aplikasyon ak plan dirabilite/sik planifikasyon sou plizyè ane.

Pwogram Eskwad Anti-Bonm – sibvansyon \$2 milyon dola (kalifikasyon ki limite nan 12 Eskwad Anti-bonm ki gen akreditasyon FBI nan Eta New York)

- Vil New York: \$423.050 dola
- Konte Westchester: \$261.817 dola
- Konte Suffolk: \$218.925 dola
- Konte Nassau: \$205.272 dola
- Konte Rockland: \$105.936 dola
- Konte Erie: \$112.500 dola
- Konte Chautauqua: \$112.500 dola
- Vil Rochester: \$112.500 dola
- Konte Monroe: \$112.500 dola
- Vil Syracuse: \$111.666 dola
- Konte Onondaga: \$111.668 dola
- Vilaj Endicott: \$111.666 dola

DHSES kowòdone sibvansyon sa a avèk FBI, Biwo DHS pou Prevansyon Bonm (OBP), ATF, ak NYSP.

Objektif sibvansyon sa a se pou bay finansman pou Eskwad Anti-bonm ki gen akreditasyon FBI pou sipòte epi avanse kapasite yo pou detekte, entèdi epi bay repons pou Anjen Eksplozif Sanzatann (IED). Kòmandan Eskwad Anti-bonm yo te dakò avèk Repatisyon sibvansyon ki endike anwo a nan yon rejyon epi yo te bay sipò yo pou Teknisyen Anti-bonm Ajan Espesyal FBI rejyon an.

Pwogram Sibvansyon Chen Detektè Eksplozif – sibvansyon konpetitif \$500,000 dola

- Depatman Sekirite Piblik Konte Westchester: \$60.000 dola
- Depatman Lapolis Vil Middletown: \$60.000 dola
- Depatman Lapolis Vil Ithaca (Patenarya avèk Vilaj Watkins Glen, Konte Schuyler; Vilaj Endicott, Konte Broome): \$60.000 dola
- SUNY Albany PD avèk Ti Vil Guilderland: \$59.910 dola
- Depatman Lapolis Vilaj Lakewood: \$59.782 dola
- Biwo Cherif Konte Hillsborough: \$55.977 dola

- Biwo Cherif Konte Madison (Patenarya avèk Konte Cortland ak Chenango): \$19,967
- Depatman Lapolis Vil Syracuse: \$20.000 dola
- Depatman Lapolis Vil Yonkers: \$20.000 dola
- Biwo Cherif Konte Rockland: \$20.000 dola
- Biwo Cherif Konte Chautauqua (Patenarya avèk Konte Cattaraugus): \$20.000 dola
- Depatman Lapolis Vil Rochester: \$18.132 dola
- Depatman Lapolis Konte Suffolk: \$16.148 dola
- Biwo Cherif Konte Monroe: \$10.084 dola

Yo bay sibvansyon konpetitif sa yo pou ajans lapolis pou yo devlope yon ekip chen deteksyon eksploziv epi/oswa pou sipòte ak amelyore ekip chen deteksyon eksploziv ki la deja.

DHSES kowòdone sibvansyon sa a avèk NYSP, DCJS, FBI, Biwo DHS pou Prevansyon Bonm (OBP), ATF, ak Lapolis MTA.

Pwogram Sibvansyon pou Enfrastrikti Enpòtan – Sibvansyon \$500,000 dola (sèlman inite gouvènman lokal nan konte sible yo te kalifye pou aplike, tankou: Vil New York oswa youn nan konte sible sa yo: Albany, Broome, Dutchess, Erie, Livingston, Madison, Monroe, Nassau, Niagara, Oneida, Onondaga, Ontario, Orange, Orleans, Oswego, Putnam, Rensselaer, Rockland, Saratoga, Schenectady, Schoharie, Suffolk, Sullivan, Wayne, Westchester ak Yates)

- Konte Monroe: \$50.000 dola
- Konte Nassau: \$50.000 dola
- Konte Broome: \$50.000 dola
- Vil Albany: \$50.000 dola
- Vil Syracuse I: \$50.000 dola
- Vil Syracuse II: \$50.000 dola
- Konte Erie: \$50.000 dola
- Konte Wayne: \$49.932 dola
- Konte Niagara: \$49.340 dola
- Vil Troy: \$48.000 dola

Objektif sibvansyon sa a se pou bay apeprè \$50.000 dola nan finansman pou aplikan ki gen siksè yo pou pwoteje enfrastrikti enpòtan, yon evènman espesyal oswa yon kote ki arisk nan sezon.

Yon komite revizyon dis manm ki gen ladan reprezantan leta ak reprezantan lokal te revize aplikasyon sibvansyon yo pou lajan sa a epi yo te baze rekòmandasyon final yo sou kritè sa yo: idantifikasyon yon Espas Enfrastrikti Enpòtan, Reyalizasyon yon Evalyasyon Risk, ak evalyasyon kapasite premye sekouris lokal jan sa asosye avèk kote a, epi selon faktè sa yo, devlopman yon bidjè ki detaye kijan yo ta itilize finansman anba CIGP pou limite dega risk ki idantifye yo epi/oswa pou amelyore kapasite ki idantifye nan pwosesis evalyasyon kapasite a.

Haitian Creole

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418